



The Commonwealth of Massachusetts

DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES

MEMORANDÒM

POU: Lis distribisyon, D.P.U. 21-50/EFSB 21-01

APATI: Laurie Ellen Weisman, Avoka Prensipal, Depatman
Scott Seigal, Ofisye Odyans, Depatman
Donna Sharkey, Ofisye Prezidan, Komisyon Pou Enplatasyon Enstalasyon Enèjetik

SIJÈ: Pwosedì pou sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la, D.P.U. 21-50
Ranfòse sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la, EFSB 21-01
Demann pou kòmantè

DAT: 26 out 2022

CC: Mark Marini, Sekretè, Depatman
Joan Foster Evans, Avoka Jeneral, Komisyon Pou Enplatasyon Enstalasyon Enèjetik
Sandra Merrick, Asistan Avoka Jeneral, Depatman

THIS IS AN IMPORTANT NOTICE. PLEASE HAVE IT TRANSLATED. ESTE É UM AVISO IMPORTANTE. QUIERA MANDÁ-LO TRADUZIR. ESTE ES UN AVISO IMPORTANTE. SIRVASE MANDARLO TRADUCIR. QUESTA È UN'INFORMAZIONE IMPORTANTE, SI PREGA DI TRADURLA. 此为重要通知。请加以翻译。 ĐÂY LÀ MỘT THÔNG BÁO QUAN TRỌNG. XIN HÃY DỊCH NÓ. SA A SE YON AVI ENPÒTAN. TANPRI FÈ LI TRADUI. KEL LI E UN AVIZU INPORTANTI. FAVOR MANDA TRADUZIL.

I. ENTWODIKSYON

Nan dat 25 dawout 2022 a, Depatman Sèvis Piblik (“Depatman”) ak Komisyon Pou Enplatasyon Enstalasyon Enèjetik (“Komisyon Pou Enplatasyon”) te òganize yon tablewonn ansanm avèk prensipal pati prenan yo (“tablewonn”) pou resevwa kòmantè pou amelyore patisipasyon piblik la ak prensipal pati prenan yo nan pwosedì nou yo. Nan tablewonn nan nou te abòde twa sijè sa yo :

- Amelyore kominikasyon avèk kliyan, òganizasyon kominotè, ak reprezantan gouvènman lokal yo pou maksimize angajman piblik la nan pwosedi nou yo.
- Kesyon pou n konnen si tout avi pou pwosedi ajans yo ta dwe gen menm nivo piblikasyon ak sansibilizasyon, oswa si n ta dwe etabli kèk priyorite oswa varyasyon nan apwòch nou pou evite akable oswa desansibilize lektè yo avèk avi tanzantan. Si ta dwe gen varyasyon, diskite sou kalite pwosedi ki jistifye efò siplemantè pou piblikasyon ak sansibilizasyon.
- Metòd ki pi efikas ke Konpayi Distribisyon yo itilize aktyèlman pou rive sou kliyan yo.

Nou envite tout moun ki enterese pou yo soumèt kòmantè alekri sou sijè yo ki abòde anwo a.

II. DEMANN POU KÒMANTÈ

Tout kòmantè alekri yo dwe depoze nan Depatman an pa pita pase **vandredi 16 septanm 2022**. Tout kòmantè yo dwe soumèt bay Depatman an pa imèl atravè yon atachman, sou imel sa yo : dpu.efiling@mass.gov, laurie.e.weisman@mass.gov, scott.seigal@mass.gov, ak donna.sharkey@mass.gov. Tèks imèl la dwe prezize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 21-50); (2) non ak enfòmasyon kontak moun oswa konpayi ki soumèt fichye a; epi (3) yon tit deskriptif tou kout pou dokiman an. Non fichye elektwonik la ta dwe idantifye dokiman an men li pa dwe depase 50 karaktè. Li enpòtan pou nou note ke tout gwo fichye k ap soumèt yo dwe divize an fichye elektwonik ki pa depase 20 MB. Kòmantè alekri yo pral afiche sou sitwèb Depatman an atravè espas dosye anliy nou an nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/21-50> ak <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/EFSB21-01>.

Nan moman sa a, nou dwe soumèt tout dokiman yo sèlman nan fòm elektwonik ki koresponn ak direktiv 15 jen 2021 Komisyon an, konsènan egzijans pou dosye ki modifiye yo. Nòmalmman, tout pati yo dwe suiv Seksyon B.1 ak B.4 Règ Debaz Estanda Depatman an (D.P.U. 15-184-A, App 1 (4 Mas 2020)); sepandan, jiska yon lòt avi, pati yo dwe konsève vèsyon papye orijinal la epi Depatman an ap detèmine annapre ki lè yo dwe depoze vèsyon papye a nan sekretarya Depatman an.

III. KESYON

Pou tout kesyon konsènan memorandòm sa a, tanpri kontakte Laurie Ellen Weisman, Ofisye Odyans, nan laurie.e.weisman@mass.gov, Scott Seigal, Ofisye Odyans, nan scott.seigal@mass.gov, oswa Donna Sharkey, Ofisye Odyans, nan donna.sharkey@mass.gov.